



PEMERINTAH KABUPATEN GARUT
DINAS PENDIDIKAN
YAYASAN PUTRA SOLVA UTAMA
SMP IT BAITURROHMAN GARUT



Email dan Fb : smp_it_baiturrohmah@yahoo.com | NSS : 202021137010 | NPSN : 69857727
Kp. Solokpandan 01/ 02 Ds. Sirnajaya Kec. Tarogong Kaler Kab. Garut
Prov. Jawa Barat 44151 Kontak. 085 323 964 566

Nama:
Kelas: VII

Jenis : Ulangan Tengah Semester Dua
Mata Pelajaran: Bahasa Sunda

A. Pilihlah Salah Satu Jawaban Yang Paling Tepat Dengan Mencakra Huruf A, B,C Atau D!

1. Naskah karya sastra anu paling sering ngagunakeun wangun paguneman nyaéta ...
A. Dram
B. Sajak
C. Dongeng
D. Kawih
2. Carita rekaan (isi) anu ngandung hal-hal pamohalan disebut oge ...
A. Legenda
B. Sajak
C. Dongeng
D. Pupujian
3. Dihandap ieu kaasup conto antonim nyaéta ...
A. Benghar
B. Wawuh x wawoh
C. Salam
D. Gedé x Leutik
4. Lamun urang nelepon, kabeneran anu nampana lain jalma anu rék dituju, urang kudu ...
A. Ménta idin ka jalma nu nampa telepon yén urang rék nyarita jeung jalma anu rék dituju
B. Nitah éta jalma sangkan ngageroan atawa néangan jalma anu rék diajak nyarita
C. Nanyakeun naha lain jalma anu rék dituju anu nampa teleponna.
D. Gancang nutupkeun telepon sabab lain jalma éta anu rék diajak nyarita
5. Harti anu paling deukeut tina kecap paguneman nyaéta ...
A. Silih témpas
B. Silih tampa
C. Silih asah
D. Silih asih
6. Bapa badé ... ayeuna ? Abdi badé neda ti payun atuh.
A. emam
B. neda
C. tuang
D. dahar
7. Dihandap ieu kaasup conto kecap sangaran/sinonim nyaéta ...
A. Benghar x sangsara
B. Salam x Koneng
C. Gedé x Leutik
D. Wawuh x wawoh
8. Kaulinan ku cara éngklé-éngkléan make ngaliwatan kalang kotak-kotak.
Aya kotak anu ditandaan ku kojo (tina batu) anu teu meunang ditincak disebut ...
A. sondlah
B. sorodot gaplok
C. engkle
D. gatrik
9. Nabi urang Sadayana Kanjeng nabi anu mulya Muhammad jenengannana Arab Qurés nya bangsana Ibuna Siti Aminah Ramana Sayid Abdullah Dibabarkeunna di Mekah Wengi Sénén tahun gajah. Pupujian diluhur eusina ngagambarkeun:
A. Puji ka Allah
B. Solawat Nabi
C. Pépéling
D. Kaagamaan
10. Basa kasar umumna dipaké keur ka ...
A. Saluhureun
B. Sahandapeun
C. Sapantaran
D. Sato atawa keur ambek
11. Pupujian téh nyaéta salahsahiji hasil karya sastra Sunda dina wangun ...
A. Puisi (ugeran)
B. Wawacan
C. Pantun
D. Guguritan
12. Wangun jeung eusi pupujian nyoko kana ajaran agama ...
A. Hindu
B. Konghucu
C. Islam
D. Protestan
13. Dihandap aya rupa-rupa kaulinan barudak, iwal ti ...
A. main game
B. ngadu kaleci

- C. oray-orayan
D. gatrik
14. Pupujian téh kauger (dibatasi) kunaon, iwal ...
A. Purwakanti
B. Pada
C. Padalisan
D. Engang
15. Ngagalindeungkeun atawa ngalagukeun pupujian téh disebutna ...
A. Hotaman
B. Nyanyi
C. Nyinden
D. Nadoman
Jawaban: D
16. Kaulinan néangan batur nu nyumput upama saurang jadi ucing.
Biasana ucing ngitung heula méré waktu batur nyumput saacan kudu néangan kabéhanana.
Aya rupa-rupa aturan, disebut ...
A. ucing bandera
B. ucing-ucingan
C. ucing sumput
D. ucing 20
17. Paguneman téh asal kecapna tina gunem anu hartina?
A. nyarita lemes
B. nyarita sorangan
C. nyarita silih tempas
D. nyarita kasar
18. Naon ari hartina pupujian téh ...
A. Carita basa sunda
B. Pupujian anu dilagukeun
C. Puisi buhun nu eusina nyaoko kana
D. Puisi basa sunda ajaran agama islam
19. Naon maksudna fungsi ekspresi dina pupujian téh ...
A. Pikeun ngebrehkeun kereteg ati anu ngarangna
B. Pikeun mere pangajaran atawa mepelingan ka balarea
C. Pikeun ngebrehkeun pangalaman
D. Pikeun sisindiran
20. Conto paguneman teu resmi nyaéta ...
A. Sawala
B. Ngawangkong caritaan sapopoe jeung babaturan
C. Diskusi ngeunaan bahaya narkoba
D. Biantara
21. Paguneman dilaksanakeun...
A. di mana baé
B. dina kaayaan dines
C. di jero kelas
D. bari dariuk dina korsi
22. “Nepangkeun nami abdi, Sule!”
A. Berpamitan
B. Memohon ijin
C. Memperkenalkan diri
D. Berterimakasih
23. “Bade kamana, Kang?”

- A. Menyapa
B. Menegur
C. Berterimakasih
D. Memohon ijin
24. Indung jeung Anak
“Mah, aya nu badé ditaroskeun,” ceuk Atia.
“Naroskeun naon?Ké, Mamahna capé kénéh,” jawab indungna. Geus biasa, lamun tas nyanyabaan, Atia mah sok tetelepék ngeunaan naon-naon anu katénjo atawa nu kaalaman, boh di perjalanan boh di tempat nu dituju. Harita ogé kakara jol pisan tas piknik ti Maribaya.
“Sok, badé naroskeun naon? Mani bangun daria,” ceuk indungna deui, bari neutep... bréh budak téh mani ngembang céngék.“Kieu, Mah..., naon margina ari naék mobil sok istri heula, ari lungsur sok pameget heula. Geuning tadi ogé, basa naék angkot, Bapamah tipengker naékna... lungsurna mah tipayun,” pokna. Naon nu jadi téma dina éta paguneman téh?
A. Piknik ti Maribaya
B. Naék mobil jeung turun mobil
C. Indung jeung anak
D. Tatakrama naek jeung turun tina mobil
25. Kamari kuring papanggih jeung lanceuk manéh. Ragam basa hormatna...
A. kamari abdi patepang sareng pun lanceuk.
B. kamari abdi patepang sareng pun raka.
C. kamari abdi patepang sareng tuang lanceuk.
D. kamari abdi patepang sareng tuang raka.
26. Anu kaasup paguneman téh nyaéta...
A. dialog
B. monolog
C. épilog
D. prolog
27. Paguneman kaasup kana komunikasi
A. Isarat
B. Lisan
C. Surat
D. Tulisan
29. Kecap embung lamun dirobah kana basa hormat keur sorangan nyaéta...
A. teu kersa
B. hoyong
C. alim
D. kersa
30. Jejer dina paguneman téh nyaéta...
A. diatur ku nu nyarita
B. bisa naon baé
C. diatur ku nu diajak nyarita
D. teu bisa sambarangan
31. “Hatur nuhun, Neng!”
A. Memohon ijin
B. Berterimakasih
C. Menyapa
D. Menegur
32. Pa Eko :Édo geus tilu poé ... Cik barudak sugan aya nu apal, ari Édo kamana geus tilu poé?
Sutar :Teu damang, Pa.
.....
.....

Pa Eko :Har, geuning teu ngirim surat..."

Pék teruskeun titik-titik di luhur!

- A. Kamari gé tos teu kasakola, pa.
 - B. Kamari ogé dicandak ka Rumah Sakit ku mamahna saurna muntabér.
 - C. Malihan saur mamahna teu tiasa mapah-mapah acan.
 - D. Geubis tina sapedah waktos dinten kamari
33. Ngucapkeun salam di waktu malam
- A. wilujeng sonten
 - B. wilujeng sumping
 - C. wilujeng enjing
 - D. wilujeng wengi
34. Lamun pendak sareng bapa/ibu guru di jalan ngucapkeun...
- A. izin
 - B. salam
 - C. malengos
 - D. halo
35. Paguneman téh dilakukeun ku...
- A. sorangan bari sorana bedas
 - B. duaan tapi nu ngomongna saurang
 - C. duaan atawa leuwih bari silih témpas
 - D. sorangan bari sorana teu kadéngé ku batur
- Jawaban:c
36. Kuring kakara balik ti sakola.
Dirobah jadi ragam basa hormat...
- A. abdi nembé mulih ti sakola.
 - B. abdi nembé wangsul ti sakola.
 - C. abdi nembé mulang ti sakola.
 - D. abdi kakara mulih ti sakola.
37. Jalma anu tara daék barang béré kabatur disebut...
- A.buntut kasiran
 - B. élmu sapi

C. gurat cai

D. heuras létah

38. Kecap sugih hartina...

- A. melarat
- B. usum hujan
- C. usum halodo
- D. beunghar

39. Kecap dahar lamun dirobah kana basa hormat keur ka batur nyaéta...

- A. neda
- B. matang
- C. emam
- D. tuang

40.Tatakrama basa Sunda sacara gurat badagna diwangun ku...

- A. ragam basa loma jeung basa hormat
- B. ragam basa cohag jeung basa hormat
- C. ragam basa hormat keur sorangan jeung keur batur
- D. ragam basa loma jeung basa hormat keur ka batur

B. Jawablah Pertanyaan berikut dengan singkat dan tepat!

41.Kaasup henteu pantes dilakukeun upama urang keur paguneman téh aya nu...

42.Kalimah nu merenah ngalarapkeunana pek ku hidep pilih hiji...

- A. Pun Ua nuju teu damang tos 5 dinten
- B. Abdi angkat ka Jakarta sareng pun biang
- C. Bibi abdi nuju udur répot
- D. Abdi mios tibumi jam 06.30

43Tatakrama basa Sunda baheula mah disebut...

44. Kalimat ieu ngarupakeun hiji conto tina kalimah...

"Abdi bade mulih tipayun ka imah! "

45 Basa indonesiana indung jeung putra nyaeta...